# TÁLIMNIŃ UNIVERSAL DIZAYNÍ SHARAYATÍNDA OQÍWSHÍLARDÍ PSIXOLOGIYALÍQ-PEDAGOGIKALÍQ QOLLAP-QUWATLAW PARADIGMASÍ

**Aymuhammedova T.**
*Qaraqalpaqstan Respublikası Pedagoglardı*
*jańa metodikalarǵa úyretiw milliy orayı úlken oqıtıwshısı*

**Tayanch so'zlar:** inklyuziv, integraciya, psixikalıq-fiziologiya, konsilium, kompleks, individual rivojlanish, differentsial bilim.

**Ключевые слова:** инклюзивность, интеграция, психика-физиология, консилиум, комплекс, индивидуальное развитие, дифференциальное знание.

**Key words:** inclusivity, integration, psychology-physiology, consultation, complex, individual development, differential knowledge.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Ózgeshe bilim alıw mútajligi bolǵan balalarǵa tálim-tárbiya beriw sistemasın jáne de jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı 2020-jıl, 13-oktyabrdegi PQ-4860-sanlı Qararı hám de Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Ózgeshe bilim alıw mútajligi bolǵan balalarǵa tálim beriwge tiyisli normativlik-huqıqıy hújjetlerdi tastıyıqlaw haqqında"ǵı 2021-jıl, 12-oktyabrdegi 638-sanlı Qararınıń 1-qosımshası "Ulıwma orta bilim beriw shólkemlerinde inklyuziv tálimdi shólkemlestiriw tártibi haqqında"ǵı hújjetlerde, "Bilimlendiriw haqqında"ǵı nızamnıń 20-statyasında "Inklyuziv tálim óz aldına bilim alıwǵa mútajligi bar hám individual múmkinshiliklerdiń hár túrliligin esapqa alǵan halda barlıq tálim alıwshılar ushın bilimlendiriw shólkemlerinde tálim alıwǵa bolǵan teń múmkinshiliklerdi támiyinlewge qaratılǵan.

Inklyuziv bilim beriw barlıq balalarǵa mektepke shekemgi hám orta bilim beriw shólkemlerinde, texnikalıq-kásiplik yamasa joqarı oqıw orınlarında jámáátlik turmısqa belsene qatnasıwǵa múmkinshilik beredi. Bul baǵdarlamanı Birlesken Milletler Shólkeminiń Bas Assambleyası maqullap, "Bala huqıqları haqqında"ǵı Konvenciyaǵa 2006-jıldıń 13-dekabrinde kirgizdi. Bul Konvenciya 1989-jılı, 20-noyabrde, al "Mayıplardıń huqıqları haqqında" Konvenciya 2007-

jılı qabıllandı. Bul tálim procesin durıs jolǵa qoyıw, oqıtıwdıń hár táreplemeligin asırıw, oqıwshılardıń psixo-fiziologiyalıq halatın itibarǵa alıw, oqıtıwdıń differenciallıǵın rawajlandırıwǵa qaratılǵan tálimniń universal dizayn forması ámeliyatqa en jaydırılmaqta.

Tálimniń universal dizaynı - hár túrlı oqıwshılardıń mútajliklerin qandırıw, barlıq oqıwshılarǵa maslasıwshı jantasıwlar, tálimnen kútiletuǵın nátiyjeler hám olarǵa erisiw ushın xızmet etetuǵın, tálim alıw ushın teń múmkinshiliklerin jaratıp beretuǵın puqta oylanǵan oqıw sisteması bolıp tabıladı.

TUD – tek ǵana «ortasha» yamasa «tómen» oqıwshılar ushın emes, hár bir oqıwshı ushın arnalǵan maqsetli hám joybarlastırılǵan tálim bolıp tabıladı. Oqıwshılar arasında túrme-túrlilik, nátiyjeni kútetuǵın hám aldınan oǵan tayarlıq kóriletuǵın, oqıw baǵdarlamaları yamasa sabaqlardı durıs alıp barıwda olardıń mútajliklerin esapqa alatuǵın tálim forması bolıp tabıladı.

Respublikamızda bul baǵdarda mayıplıǵı bolǵan oqıwshılarǵa tálim hám tárbiya beriw máseleleri boyınsha ilimpazlardan Sh.M.Amirsaidova, L.R.Muminova, Z.Mamarajabova, I.D.Markevich, D.A.Nurkeldiyeva, N.X.Raxmankulova, K.M.Mamedov, D.A.Nazarova, Sh.E.Taxtiyarova, M.P.Hamidova, F.U.Qodirova, O.N.Fayziyeva, R.Shomaxmudova, B.Shoumarov, V.S.Sirenov, D.J.Sharirova, D.Yakubjanovalar tárepinen úyrenilgen.

Oqıtıwdıń universallıǵı boyınsha K.D.Ushinskiy bılay deydi: "Eger pedagogika insandı hár tárepleme tárbiyalawdı qálese, ol bárinen burın onı hár tárepleme tán alıwı kerek". Demek, biz bir-birinen parıqlanıwshı ózgeshe tálim alıw zárúrligi bolǵan oqıwshılar hám olarǵa beriletuǵın bilim, kónlikpege qaratılǵan dárejeler tómendegishe. (1-súwret)




Oqıwshılardıń jeke ózgeshelikleri tálim-tárbiya procesinde soraw beriw, gúrriń, oqıǵan materialdı aytıp beriw hám t.b. bekkemlew basqıshlarında esapqa alǵan halda alıp barılıwı tiyis. Máselen, qabıllawı tez oqıwshılardan sorawǵa tikkeley juwap beriw talap etilse, ortashalarına oylanıp, zárúr esaplaw islewge, súwretlerin salıwǵa waqıt beriledi, al biliw belsendiligi tómen oqıwshılarǵa anıq sorawdıń sisteması, juwap beriwdiń joba úlgisi usınıladı.

**TUD** jaǵdayında ózgeshe bilim alıw zárúrligi bar oqıwshılardıń oqıw jetiskenliklerin qadaǵalaw hám bahalaw túrli maqsetlerge sáykes iske asırılıwı tiyis, olar ulıwma bahalaw normalarına tiykarlana almaydı. Baha oqıwshınıń alǵa rawajlanıw dárejesin esapqa alıp, onıń oqıw menen rawajlanıw procesin aktivlestirip, tárbiyalıq hám dúzetiw-rawajlandırıw wazıypaların orınlawı kerek. Oqıwshılardıń alǵan bilim nátiyjeleri oqıwshınıń potencial rawajlanıw aymaǵına baǵdarlanǵan háreketlik maqsetlerine sáykes bolǵan waqıtta ǵana sapalı bolıp esaplanadı. Sonlıqtan ózgeshe oqıwshılardı kriterial bahalaw variativligi menen ózgesheleniwi tiyis.

L.R.Muminova **TUD** procesi balalardıń fizikalıq, psixologiyalıq, intellektuallıq, etnik-mádeniy, til hám basqa qásiyetlerin ulıwma tálim sistemasına kiritiliwi ekenligin tán alıw menen birge, inklyuziv tálimniń maqseti, wazıypaları, principleri hám engiziw basqıshların da júdá tereń analiz etken. D.A.Nurkeldiyeva hám V.S.Alimova Daun sindromlı balalardı inklyuziv tálim sharayatında oqıtıw usılların kórsetip bergen.[1:56]

**TUD** oqıtıw procesin beyimlestiriw menen túrlendiriw baǵdarı boyınsha V.V.Voronkova[2:27], A.M.Zmushko[3], L.I.Solnceva[4] hám t.b. jańa dúzetiw pedagogikalıq texnologiyaları N.N.Malofeev[5], L.M.Shipicina [6], T.V.Egorova[7], E.V.Reznikova[8], N.V.Shevcova[9], M.L.Baranova[10] hám t.b. miynetlerinen hám tájiriybelerinen paydalanıwǵa boladı.

Oqıtıw nátiyjelerin bahalawdı túrlendiriwdiń 2 usılı qollanıladı: oqıw jobasınıń sheńberinde, jeke bilim traektoriyasındaǵı maqsetlerge sáykes, jeńilletilgen tapsırma túrinde hám elektiv oqıw jobasınan alınǵan tájiriybelik maqsetler menen wazıypalarǵa baylanıslı tapsırmalar túrinde (sociallıq ádet, jámiyetlik ómirge qatnasıw, óndiriste jumıs islewge tayarlıq, jeke qızıǵıwshılıq hám t.b.).

Ózgeshe bilim alıw zárúrligi bar balanıń oqıw materialın iyelew standartın túrlendiriw kelesi háreketlerden kórinedi:

- klastıń basqa oqıwshıları menen birqatar barlıq proceslerge qatnasa aladı;
- ózine arnalǵan jeke bilim traektoriyasın basshılıqqa aladı;
- uzaq múddetli maqsetler menen tikkkeley wazıypalardı orınlaydı.

Balalardıń barlıǵın oqıw materialı tiykarında birge oqıtıwǵa boladı, biraq nátiyjelerin tańlaw zárúr hám de bilim alıwda ózgeshe zárúrligi bar balalardıń nátiyjeleri onıń jeke oqıw jobasınıń maqsetleri hám wazıypaları menen sáykesleniwi tiyis. Oqıw materialların iyelew standartların túrlendiriwdiń áhmiyetli tiykarǵı oqıw jobasınıń tapsırmasına uqsas, biraq jeńilletilgen túrin orınlay alıw bolıp tabıladı.

**TUD** procesinde balalar menen jumıs islewde anıq járdem kórsetetuǵın psixologiyalıq-pedagogikalıq xızmet bolıwı tiyis. Onıń wazıypasına balalar menen qarım-qatnas ornatıwda rawajlandırıwshı yamasa dúzetiw jumısı ǵana emes, sonıń menen birge, bahalaw xızmetin qollap-quwatlaytuǵın ortaq usıllar, oqıwshılar menen jumıstıń birdey strategiyasın belgilew boyınsha pedagoglar menen hám ata-analar menen turaqlı awqam ornatıw kiredi. Individual rawajlandırıw baǵdarlamaların tayarlaw, psixologiyalıq-pedagogikalıq konsilium arqalı ámelge asırıladı. Zárúr bolǵan jaǵdayda oqıw baǵdarlaması beyimlesedi yamasa oqıw jobasındaǵı pánler boyınsha jeke oqıw baǵdarlamaları dúziledi. Jeke dúzetiw, rawajlandırıw hám oqıw baǵdarlamalarınıń mazmunı balanıń jasın emes, onıń aqılıy rawajlanıwınıń dárejesin, jeke rawajlanıw ózgesheliklerin, balanıń kompensaciyalıq múmkinshiliklerin esapqa ala otırıp anıqlanadı. Bilim beriw procesin shólkemlestiriw barısında densawlıqqa qolaylı pedagogikalıq-dúzetiw tártibin úyreniw zárúr.

Psixologiyalıq-pedagogikalıq qollap-quwatlawdıń paydalılıǵı psixologiyalıq, pedagogikalıq, medicinalıq diagnostikanıń hám ulıwma kórsetkishlerdiń maǵlıwmatları tómendegi maǵlıwmatlar tiykarında anıqlanadı (2-súwret).

**TUD** sharayatında muǵallim klastaǵı ózgeshe bilim alıw zárúrligi bar balanıń oqıw háreketin hám olardıń klass jumısına qatnasıw sapasın, oqıw maqsetlerin belgilewi, sabaqta kútiletuǵın nátiyjelerdi bahalawı zárúr. Ol ushın muǵallim **TUD** strategiyaların iyelewi tiyis. Olar tómendegishe:

– tájiriybede tekserilgen oy-pikirler menen koncepciyalardı yadlaw;
– rolli oyınlardı qollanıw;
– interaktivlilikti joqarılatıw;
– oqıwshılarǵa kórsetpeli qurallardı tarqatıw hám olar menen bárqulla baylanısta jumıs alıp barıw;
– anıq jetiskenliklerge erisiwde xoshametlerdi hám onıń túrli usılların jiyi qollanıw (upaylar, sertifikatlar, juldızshalar hám t.b., sonday-aq nátiyjelerge erisiwdiń kórsetpeli sızılmaları);
– oqıtıw usılların túrlendiriw: qoldaǵı bardı ǵana qollanıp qoymastan, balanıń qızıǵıwshılıǵın oyatatuǵınday informaciyalıq hám texnologiyalıq izleniste bolıw; sanlı mediakontentlerdi;
– audio hám videojazbalar menen kompyuterlik baǵdarlamalardı paydalanıw;
– tapsırmalardı hám olardı orınlaw waqtın tártipke salıw, máselen, qábiletli balalarǵa quramalı tapsırmalar beriw;
– psixikalıq rawajlanıwında irkinishi bar oqıwshılarǵa ádettegiden kóbirek waqıt bóliw;

- sóylewi buzılǵan balalarǵa ańsat aytılatuǵın, qısqa hám jeńil tekstler beriw; esitiw kemshiligi bar balalarǵa kóbinese jazba tapsırmalar usınıw;
- oqıwshılardıń sózlik qorın qollanıwdaǵı leksikalıq birliklerge sáykeslendiriw;
- jeńil autizmli balalarǵa kórinisli kórsetpeli qurallar usınıw hám tirek-qozǵalıs apparatı buzılǵan oqıwshılardıń motorikasın qáliplestiriwge kúsh salıw zárúr;
- oqıwshılarǵa jiyi sorawlar qoyıw hám sorawlardıń quramalılıq dárejesin qadaǵalaw;
- talqılaw procesine oqıwshılardı tolıq qatnastırıw ushın balalardıń belsendiligin qollap-quwatlap, baǵdarlawshı sorawlar qoyıw;
- dástúrli juwaplar menen, tapsırmalardı orınlawdıń túrli usılların qollanıw:
- diagrammalar islew, modeller qurastırıw, videoǵa túsiriw hám t.b.;
- oqıwshılardı intalandırıw, jeke ózgeshelikleri menen qızıǵıwshılıqların qollap-quwatlaw;
- mashqalalı oqıtıwǵa tán baǵdarlar menen birge, "Bul jaǵdayda oǵan qalay járdem beriwge boladı?", "Usı máseleni basqa qanday jollar menen sheshiwge boladı?" sorawların qollanıw arqalı metakognitiv baǵdarlarǵa jetelew;
- refleksiyanı jiyi qollanıw arqalı oqıwshılardıń ózin baqlaw, óz qátelerin kóriw hám dúzetiw, ózin belsendilendiriw, maqset qoyıwın janlandırıw;
- sanlı tanıstırıw, elektron kórgizbe, avtorlıq didaktikalıq kontent;
- kórsetpeli-kórinisli resurs sıyaqlı kreativ usıllar menen tapsırmalardı qollanıwdı kúsheytiw;
- keri baylanıs, tikkeley baqlaw, introspekciya, toparlıq hám juplıq bahalaw sıyaqlı oqıtıw strategiyaların qollanıw.

Juwmaqlap aytqanda, TUD sharayatında pedagoglar maqsetli tayarlanbasa, usı nátiyjelerge erisiwde qatar tosıqlar payda boladı. Bul tosıqlar shańaraqta, bilimlendiriw mekemelerinde de hám máhellede de dús keliwi tábiyiy bolıp tabıladı. Izertlewimiz procesinde TUD sharayatına pedagoglardı kásiplik tayarlaw, bilimlendiriw klasteri formasında inklyuziv tálimdi ámelge asırıwǵa tayınlıǵın qáliplestiriw hám de bul procestiń natiyjeliligine tásir etetuǵın pedagogikalıq sharayatlardı támiynlew boyınsha ilimiy-izertlewler jetkilikli emesligi anıqlandı. Inklyuziv tálimge tayarlaw texnologiyaların jetilistiriw boyınsha tómendegi usınıslar islep shıǵıldı:

1. Metod birlespe jıynalıslarında oqıtıwshılardıń ózgeshe tálim mútajlikleri bolǵan balalar menen islew boyınsha tájiriybelerin óz-ara analiz qılıw hám ámeliyatta qollanılatuǵın metodikalıq, psixologiyalıq, shólkemlestirilgen

mashqalalardıń operativ sheshimin tabıw jolların engiziwge qaratılǵan seminar-treningler ótkerip barıw.

2. Pánler kesiminde milliy oqıw baǵdarlamasına tiykarlanǵan akademikalıq keyslar islep shıǵılǵan jaǵdayda oqıtıwshılar ushın videosabaqlar seriyasın islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw.

3. Mekteplerde imkaniyatı sheklengen balalar hám de olardıń ata-anaları, jaqınları erisken jetiskenliklerine arnalǵan social kórgezbeler, ushırasıwlardı úzliksiz shólkemlestirip barıw.

4. TUD sharayatında oqıwshılar menen nátiyjeli islewdi támiyinleytuǵın metodlar, texnologiyalar hám de bilimlendiriwge tiyisli resurslar bankin shólkemlestiriw hám tájiriybeli oqıtıwshılardıń jumısların respublika kóleminde en jaydırıp barıw zárúrligi tuwıladı.

**Ádebiyatlar:**

1. A.B.Mamatova. Inklyuziv ta’lim sharoitida imkoniyati cheklangan o‘quvchilarning nutqini o‘zbek folklori vositasida rivojlantirish. pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori (phd) dissertatsiyasi avtoreferati Toshkent – 2023, 56

2. Воронкова Валентина Васильевна | Дефектологический факультет МГГУ им. М.А.Шолохова (mggu-sh.ru).,С-27

3. Репозиторий БГУИР: Проблематика инклюзии в профессиональном образовании (bsuir.by)

4. Солнцева л.И. Тифлопсихология детства. – м., 2002 Содержание (studfile.net)

5. Малофеев Николай Николаевич / Кафедра логопедии МПГУ (logo-mpgu.ru)

6. Шипицына Людмила Михайловна – тема научной статьи по наукам об образовании читайте бесплатно текст научно-исследовательской работы в электронной библиотеке КиберЛенинка (cyberleninka.ru)

7. Теоретические подходы к инклюзивному образованию людей с особыми образовательными потребностями – тема научной статьи по наукам об образовании читайте бесплатно текст научно-исследовательской работы в электронной библиотеке КиберЛенинка (cyberleninka.ru)

8. Е. В. Резникова. Книги, рецензии, отзывы (bookmix.ru)

9. Шевцова Н.В. | Педагогическая периодика. Каталог публикаций (websib.ru)

10. Модель деятельности службы ранней психолого-педагогической помощи в дошкольном образовательном учреждении – тема научной статьи по наукам об образовании. (cyberleninka.ru)

**РЕЗЮМЕ**

Maqolada iknlyuziv ta'limning  ahamiyati va imkoniyati cheklangan bolalar bilan olib boriladigan pedagogik-psixologik ishlar haqida ma'lumotlar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье представлена информация о значении инклюзивного образования и педагогико-психологической работе с детьми с ограниченными возможностями здоровья.

**SUMMARY**

The article provides information on the importance of inclusive education and pedagogical and psychological work with children with disabilities.